

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus ditepikeun dina bab IV, ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda anu ngandung unsur lingkungan pikeun bahan pangajaran pakeman basa di kelas XI SMA. Tina sumber data kapanggih aya 200 babasan jeung paribasa anu ngandung unsur lingkungan, anu ngawengku 104 babasan jeung 96 paribasa. Sedengkeun babasan anu ngandung unsur manusa kapanggih aya 83 unggara. Babasan jeung paribasa anu ngandung unsur sato kapanggih aya 49 unggara, babasan jeung paribasa anu ngandung unsur tutuwuhan kapanggih aya 31 unggara, sarta babasan jeung paribasa anu ngandung unsur kaayaan alam kapanggih aya 52 unggara.

Dina babasan jeung paribasa nu ngandung unsur manusa kapanggih dua rupa unsur, nya éta unsur lahir jeung batin manusa. Dina unsur lahir manusa, bisa diwincik deui jadi dua golongan, nya éta wujud jeung bagian badan manusa. Dina bagian badan manusa ogé bisa diwincik deui jadi lima golongan, nya éta bagian luhur badan manusa, bagian tengah badan manusa, bagian handap badan manusa, bagian jero badan manusa, jeung sakujur badan manusa.

Dina babasan jeung paribasa nu ngandung unsur sato kapanggih dua rupa unsur, nya éta ngaran sato jeung bagian badan sato. Dina golongan ngaran sato, bisa diwincik deui dumasar tempatna, wujudna, jeung dumasar jenisna. Dina bagian ngaran sato dumasar tempatna, diwincik deui jadi jadi dua rupa nya éta ngaran sato nu aya di alam, jeung ngaran sato nu aya di sabudeur imah jeung lembur. Dina bagian ngaran sato dumasar wujudna, diwincik deui jadi jadi dua rupa nya éta ngaran sato ngarayap, jeung ngaran sato leutik. Dina bagian ngaran sato dumasar jenisna, diwincik deui jadi jadi dua rupa nya éta ngaran sato sabangsa lauk, jeung ngaran sato sabangsa manuk.

Dina babasan jeung paribasa nu ngandung unsur tutuwuhan kapanggih dua rupa unsur, nya éta ngaran tutuwuhan jeung bagian tutuwuhan. Dina golongan ngaran sato, bisa diwincik deui jadi opat rupa, nya éta ngaran tatangkalan, ngaran sasayuran, ngaran bungbuahan, jeung ngaran beubeutian.

Dina babasan jeung paribasa nu ngandung unsur kaayaan alam kapanggih tilu rupa unsur, nya éta wujud alam, unsur alam jeung kajadian alam. Dina golongan unsur alam, bisa diwincik deui jadi tujuh rupa, nya éta unsur langit, taneuh, cai, anggi, waktu, seuneu, jeung hawa.

Bahan pangajaran babasan jeung paribasa Sunda anu ngandung unsur lingkungan dina pangajaran pakeman basa kelas XI SMA, didadarkeun dina runtuyan bahan ajar anu mangrupa teks déskripsi ngeunaan babasan jeung paribasa anu ngandung unsur lingkungan.

5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan unsur lingkungan dina babasan jeung paribasa Sunda, aya saran-saran anu hayang ditepikeun di antarana:

- a. Ieu panalungtikan karék ngabahas opat unsur lingkungan dina babasan jeung paribasa Sunda, acan nepi kana ngabahas barang-barang nu aya di sabeudeureun lingkungan.
- b. Dina ieu panalungtikan kapanggih kecap-kecap anu ngébréhkeun unsur lingkungan dina babasan jeung paribasa, dipiharep satuluyna aya buku nu ngadéskripsikeun tiap babasan jeung paribasa anu ngandung unsur lingkungan.
- c. Tina hasil panalungtikan kagambar aya sababaraha ungkara babasan jeung paribasa anu ungkarana méh sarua, dipiharep ogé satuluyna aya panalungtikan ngeunaan variasi ungkara babasan jeung paribasa Sunda.
- d. Kecap-kecap nu nuduhkeun unsur lingkungan kudu terus dipaké.
- e. Babasan jeung paribasa Sunda kudu terus dipaké dina omongan sapopoé sarta diwanohkeun terus ka nonoman Sunda lianna.
- f. Bahan pangajaran pakeman basa di kelas XI SMA kudu bisa leuwih variatif sarta ngirut karep diajar siswa.